Bhaibheri re vana

Rikukupai

Mwana waMambo anoita mufudzi

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: M. Maillot; Lazarus
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S; Alastair P.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada
©2021 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Rimwe zuva, Mozisi
akaona muIjipiti
achirova muHebheru,
mumwe wehama
dzake. Mozisi
akada kubatsira
muHebheru.

Akaringa-ringa zvino. Achiona kuti hapana munhu akanga aripo, akauraya muIjipiti, achibva amuviga mujecha.

Muzuva rakatevera, Mozisi akaona vaHebheru vaviri vachirwa, achibva aedza kuti varege kurwa. Vakati kwaari, "Unoda kundiuraya sezvawakauraya uya muIjipiti kanhi?" Mozisi akatya nokuti munhu wose akanga aziva zvaakaita. Kana Farao akanga achiziva zvakanga zvaita Mozisi. Naizvozvo, Mozisi akatiza

achienda kunyika yainzi Midhiani.

Mozisi akazororora patsime remvura. Vanasikana vanomwe vamupirisiti weMidhianivakazadza zvinwiro kuti vanwise makwai ababa vavo.



Vamwe vafudzi vakaedza kuvadzinga asi Mozisi akabatsira vanasikana ava.




Rueri, baba vevanasikana vanomwe akavaona achibva ati, “Makurumidza kudzoka nhasi.” Vasikana vakabva vataura zvakanga zvaitika, Rueri achibva ati
kwavari, “Endai munotora murume akubatsirai muuye naye kuno.”

Mozisi akagara naJeturo, achibva azoroora mwanisikana mukuru waRueri.

KuIjipita, Farao akafa.
VaHebheru vakagomera
nokuda kwouranda
hwavo, vakadanidzira,

kudanidzira
kwavo kukasvika
kuna Mwari.

Mozisi haana kuzviziva asi
Mwari akanga akaronga kuti
aenda kunobatsira vaHebheru
vakanga vari kuIjipita.
Mozisi akanga ava namakore
makumi nemana abva kunyika
yeIjipita. Akanga ari
mufudzi wemakwai aRueri.



Zvichida,
Mozisi akanga achifunga
vanhu verudzi rwake.

Rimwe zuva, Mozisi akaona gwenzi rakanga richipfuta moto, asi rakanga risingatsvi. Mozisi akada kuziva kuti chii chakanga chichiitika.

Mwari akaona Mozisi achitsaukira kuti aone gwenzi achibva ati kwaari, “Mozisi!” Mozisi akadaira achiti, “Ndiri pano hangu.” Mwari akati, “Usaswedera pano. Bvisa shangu dzako nokuti paumire patsvene.”



Mwari akati, “Ndinoda kukutuma kuna Farao kuti unobudisa vanhu kubva munyika yeIjipita.” Asi Mozisi akanga achitya kuenda.

Naizvozvo, Mwari akataridza Mozisi simba rake guru. Akashandura tsvimbo yaMozisi kuita nyoka.

Mozisi akabva abata nyoka parumhinda, ichibva yashanduka kuita tsvimbo zvakare. Mwari akaita chimwe chisamiso zvakare.

Mwari akarayira Mozisi akati, “Isa ruoko rwako muchipfuva chako.” Mozisi akateerera, achibva aona ruoko rwake rwava nemaperembudzi rwati mbembe sechando.

Akaisa ruoko muchipfuva zvakare, onei rwashanduka zvakare.

Mozisi akaramba zvakare, achiti, “Handisi munhu anogona kutaura zvakanaka.” Mwari akatsamwa nemashoko aya. Akati kuna Mozisi, “mukoma wako Aroni achataura manzwi auchamuudza.”



Mozisi akadzokera kunaJeturo achibva arongedza zvinhu zvake, ndokudzokera kuIjipita.



Mwari akatungamirira Aroni
kuti asangane naMozisi
mugomo. Mozisi akaudza
Aroni zvakanga zvarongwa
naMwari nokuda kwevana
veIsiraeri vakanga
vari kuIjipita.

Vakadzokera vachibva vaenda kunotaurira vatungamiriri vevaIsiraeri. Mozisi akaratidza vatungamiriri zvishamiso, vakabva vaziva kuti Mwari achavabatsira. Pamwe chete, vakapfugama vachibva varumbidza Mwari.



Mozisi akazvishingisa achibva aenda kuna Farao akati, “Mwari vati rega vanhu vangu vaende.”

Farao akadaira akati, “Handimuzivi iye Mwari saka handingatenderi vaIsiraeri kuenda.”

Mwari vakanga vachashandisa simba ravo guru kuti vashandure pfungwa dzaFarao.

Mwana waMambo anoita mufudzi

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Ekisodho 2-5

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

Magumo

10



60

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari
Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema.
Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo,
akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye
akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera
kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira
kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera!
Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara
maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti
Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu
panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo
mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye
nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti
ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16